



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 19/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON POU RANFÒSE PWOTEKSYON POU ANPLWAYE KI SISEPTIB POU SIBI AGRESYON YO

Lejislasyon an ap Ranfòse Pèn pou Agresyon sou Travayè Sèvis Piblik, Moun k Ap Netwaye Estasyon ak Tèminal yo ak Uisye Jistis yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon k ap ranfòse pwoteksyon anplwaye ki siseptib pou sibi agresyon yo.

Mezi a leve nivo agresyon sou travayè sèvis piblik yo (S2251-A / A4738-A), moun k ap netwaye estasyon ak tèminal yo (S8104 / A10048-B), ak uisye jistis (S2991-A / A6772-A) pou pase de yon deli a yon krim D.

Gouvènè Cuomo te di: “Travayè sa yo fè travay ki vital pou operasyon enstitisyon New York yo e deplizanpli yo vin tounen sib pou agresyon. Lè n siyen mezi sa yo pou vin tounen lwa, sa ap ede pwoteje anplwaye sa yo pi byen kont nwizans e mwen remèsye kòmanditè yo pou travay sa pou fè yo pase.”

Gen plizyè lwa ki te dekrete pou ranfòse pwoteksyon anplwaye klas sa yo ki siseptib pou atak ki enkli lòt anplwaye MTA yo, anplwaye sèvis ijans medikal ak teknisyen sèvis ijans medikal yo.

Senatè William Larkin te di: “Mwen te kòmandite lejislasyon sa apre m te tande yon travayè sèvis piblik nan distri mwen an yo te atake nan fason ki vyolan pandan li te sèlman ap fè travay li. Malerezman, se pa sèl istwa li a ki genyen. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li siyen lejislasyon sa pou amelyore sekirite nan espas travay yo pou travayè sèvis piblik yo.”

Palmantè Francisco Moya te di: “Aprè plizyè lane travay di, mwen kontan pou wè kijan sesyon lejislatif A4738 la pase e kounye a siyati pwojè lwa sa pa Gouvènè Cuomo. Lwa sa ap bay pwoteksyon ki enpòtan pou travayè ki antre nan mezon prive chak jou yo e ki riske tèt yo, lè l fè agresyon yon travayè sèvis piblik vin yon krim. Pwojè lwa sa mete travayè ak sektè yo ansanm pou lite pou kenbe sekirite travayè yo. Mwen aplodi tout frè ak sè m yo nan travay, sektè a, kòlèg mwen yo ak Gouvènè a paske yo fè pwojè lwa enpòtan sa vin yon lwa.”

Senatè Kevin Parker te di: “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak antouzyas paske li siyen lejislasyon mwen an, Pwojè lwa S. 8104-A la pou vin tounen lwa pandan adopsyon

pwojè lwa sa ogmante pèn pou lè yo agrese travayè estasyon ak tèminal MTA nou yo pou l vin yon krim D. Byenke yo te dekrete kèk lwa an 2002 pou pwoteje epi anpeche agresyon sou anplwaye tranzit yo pandan y ap fè travay yo, lwa a pa t mete anplwaye estasyon ak tèminal yo ladan l. Jodi a, gras ak Gouvènè Cuomo ak kòlèg mwen yo nan Chanm Lejislati a, y ap ajoute travayè estasyon ak tèminal yo nan lis anplwaye MTA yo. Mwen fyè anpil pou m fè pati etap enpòtan reyalizasyon sa e m kontan pou m kontinye travay ak Gouvènè a ak Lejislati a pou adopte lwa ki amelyore kalite lavi rezidan Eta New York yo.”

Palmantè Diana C. Richardson te di: “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li pou pwoteje dwa frè ak sè nou yo k ap travay di nan Eta New York. Okenn anplwaye pa ta dwe travay pandan l ap fè fas ak menas agresyon, e lejislasyon sa ap ede asire ke yon pati nan mendèv k ap travay di e ki dedye nou an pwoteje kòrèkteman dapre lalwa. Mwen fyè pou kanpe ak Gouvènè a nan pwoblèm sa e mwen remèsye li paske li siyen pyès lejislasyon enpòtan sa.”

Senatè Catharine Young te di: “Uisye jistis yo jwe yon wòl enpòtan nan sistèm jistis nou an. Li deplorab ke yon moun blese volontèman yon uisye jistis paske l ap dirije aktivite tribinal ak sitwayen Eta New York yo. Nouvo pwoteksyon sa ap ogmante nivo repèkasyon pou moun k ap fè wisye jistis yo mal, k ap kenbe plis Moun New York an sekirite.”

Palmantè J. Gary Pretlow te di: “Uisye jistis yo konsidere kòm ajan livrezon sistèm legal la e nou ta dwe ba yo menm lwa pwoteksyon ak ajan k ap aplike lalwa yo. Lejislasyon sa ap bay uisye jistis yo pwoteksyon yo bezwen e yo merite a e mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l te siyen l pou l vin yon lwa.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418